



# SOLIDÈ



## BILTEN ÒGANIZASYON SOLIDARITE POU TRANSFÒME AYITI (STA)

*Chapant bilten sila a*

**Men Pou kisa pri gaz la pa dwe monte**

**Ochan pou Bwa kale**

**STA-AYITI: fòmasyon politik ak sivik**

**Kout Je sou entènasyonal**

**solidarite pou transfome Ayiti**

Tél : +509 3113 5031

E-mail : staayiti14@gmail.com

Adresse : 8, Rue Lori entre Roy et

Wagg, Port-au-Prince, Haïti



crédit photo; Haïti progrès

"Koze elimine sibvansyon nan Leta yo ak elimine pwogram sosyal yo sòti nan bagay ki rele Konsansis Washington Bank Mondyal ak «Fonds Monétaire International (FMI)» ap aplike depi finisman ane 80 yo."

**Men pou ki sa pri gaz la pa dwe monte**

Koze elimine sibvansyon nan Leta yo ak elimine pwogram sosyal yo sòti nan bagay ki rele Konsansis Washington Bank Mondyal ak «Fonds Monétaire International (FMI) » ap aplike depi finisman ane 80 yo. Se yon pwogram lanmò Leksidan ak tout oligachi neyokolonyalis entènasyonal la vini ak li pou depafini lavi pèp nan peyi yo fè vin pòv. Pwogram lanmò sa a te fè règ dega li nan ti peyi yo, jous rive nan lane 2000 yo. Apre sa, dirijan ti peyi sa yo te louvri epi bandonnen politik neyoliberal sa yo ki vini sou divès kalte koulè tankou : politik louvri baryè dwàn yo pou pwodui etranje penpennen, privatizasyon antrepriz piblik yo, elimine sibvansyon Leta ak pwogram sosyal yo ki konn apeze lanmizè pèp sa yo. Menm FMI ak Bank Mondyal te rive dakò pwogram sa yo pa sispann ogmante inegalite sosyal ak lanmizè nan peyi sa yo.

Se konsa, 2 Jiyè 2022 pase a, Direksyon FMI fè Leta Ayisyen adopte yon pwogram ki pote non « Staff Monitored Program (SMP) » ki rantre nan menm plan pwogram lanmò Konsansis Washington nan[i]. Pwogram sa a, ki se yon swadizan pwogram refòm finans piblik ak finansye a, FMI enpoze gouvènman ladwat la pou mande l retire sibvansyon sou gaz la ki se sèl sa pèp Ayisyen an jwenn nan men Leta neyoliberal la depi mas 2010.

N ap raple lide pwogram sibvansyon gaz la te vini nan peyi a nan kontèks aprè tranblemandtè goudougoudou a kite detwi ekonomi peyi a. Plis pase 300 mil moun te pèdi lavi yo[ii]. Plis pase 120% PIB a te detwi Pwogram sibvansyon sa te vize pa otorite nan peryòd la, jis pou diminye sekous tranblemandtè a sou lavi popilasyon an. Poutan nan lane 2010 la, kondisyon lavi popilasyon an ak sitiyaasyon peyi a te pi bon ke jodi a. Anpil endikatè rive montre sa. Nivo pri pwodui yo (to enflasyon) te 4.83%[iii]. Yon dola Ameriken te egal 39,87[iv] goud. Moun ak byen te sikile libelibè. Tout katye yo potko gen rezo gang pa yo. Masak nan katye popilè yo patko alamòd. Mache Kwabosal, sou pay ak bò katedral te egziste pou malere ak malerèz al chache lavi pou pitit yo. Anba lavil, manman lavi pou moun ki pi mal yo, te toujou egziste.

Jodi a an 2022, kalamite ekonomik ak sitiyaasyon sosyal popilasyon an se « nan pwen dyòl ». Nivo enflasyon an se 30%[i]. Nou bezwen 117.38 goud pou yon dola. Nou gen 3 lane ekonomi peyi a an dekwasans. Popilasyon an gen bout teren nan chache lavi li. Wout nan Gran Sid peyi a koupe depi plis ke yon lane. Zòn gran Nò a bloke epi gang ame yo koupe wout chak jou nan zòn Kanaran. Gen plis ke yon ventèn masak popilasyon nan katye defavorize yo sibi nan batay pou tèritwa gang yo. Ofisyèlman gen 5 milyon moun ki nan grangou ak malsite «insecurite alimentaire chronique». San chif ofisyèl yo, moun ki paka manje reprezante plis pase 8 milyon nan peyi a. Jodi a, manje popilasyon an ka jwenn pi fasil se «soup pen», «kafe ak pen », «manje gason » ak «mizè blòdè»... Lanmizè lage koukouwouj dèyè popilasyon an.



crédit photo: Loop Haïti news, consulté le 13-10-22

## KOUT JE SOU ENTÈNASYONAL:

*Eleksyon Lula Brezil; siy anplis triyonf pou Lagoch*

Lagoch ap rebran kòn lan nan prèske tout Amerik latin lan. Se deja yon siy anplis sou triyonf lagoch. Depi eleksyon Andrés Manuel López Obrador, 1e jiyè 2018, manm MORENA (mouvement de regeneration national), Meksik eli yon prezidan lagoch, pase nan peyi Bolivi tandans lan pa chanje avèk eleksyon 18 Oktòb 2020 yo ki akouche Luis Arce, ki sòti nan pati (mouvement vers le socialisme), kòm nouvo prezidan, menm ka prezante Chili avèk Gabriel Boric ki sòti nan pati (gauche autonome), eli prezidan 19 decembre 2021, dènye nou ka site se eleksyon Gustavo Petro, ki vin premye predan lagoch Kolonbi genyen ki te eli 20 Jen 2022 pase a.

tandans pou lagoch la ap rapousib nan moman sa yo avèk eleksyon Lula pou yon lòt manda aprè tan li te fin pase nan prizon. Lidè pati PT (Parti des travailleurs) a rebran tèt pati a epi rebrann konba politik li ki chita sou sekirite sosyal, Lula Da Silva rete youn nan lidè politik brezilyen ki pi popilè. An premye pozisyon nan eleksyon 4 Oktòb 2022 yo, Lula sou wout pou l pran yon twazyèm manda. Nan mwens 4 semenn, 30 Oktòb 2e tou yo pral derape Brezil, deja kanpay yo relanse, kandida yo lonje lamèn bay alye yo, 2 lòt kandida ki vin an 3e ak 4e pozisyon deja aksepte alyans ak Lula nou vle pale de Ciro Gomes ki 4e ak Simone Tabet ki 3e nan eleksyon an. Boutofen, kilè Ayiti ap fè

chwa pa l la ? tout pwogresis nan peyi Dayiti ann pote kole pou n konstwi yon pouvwa solidè kont sistèm peze souse sa k ap fini ak peyi a.

## Monte gaz la ak konsekans li sou lavi popilasyon an

An Desanm 2021, Gouvènman Ariel Henry an ki se 3em vèsyon PHTK ki rasanble ofisyèlman yon pakèt patikil dwategòch : FUSION, SDP, MTV, INITE, KID ak PHTK deside monte gaz nan degwenn popilasyon an sou pretèks yo pral òganize pwogram sosyal ak konstwi enfrastrikti. Pri gaz yo (Gazolin, Dizèl, Kewozèn) te ogmante youn apre lòt nan nivo sa yo : 24,38%, 108,87% ak 115,95%[i]. Pèp la pran nan panzou paske jiskounyea okenn pwogram sosyal pa sou pye. Okenn pwojè enfrastrikti pa fèt. Sèlman kondisyon lavi gouvènman ki chanje. Manm li yo vin viv pi byen. Yon aktivis nan gouvènman rive depanse plis pase 2000 dola ameriken pou l bwè gwòg li nan yon sware nan yon espas lwazi klas dominant lan[ii].Yo rive andjoze pèp la malgre wounouwounou li pandan yon lane.

Sòti Desanm 2021 rive Septanm2022, 10 mwa apre, gouvèman ak plan lanmò FMI an rive ògmante pri gaz yo ankò a 128% pou Gazolin, 89,8% pou Dizèl ak 88,9% pou Kewozèn. Sou yon lane, yon gouvèman enkonstitisyonèl, ilejitim, ilegal rive ogmante pri Gazolin a 183,58%, pri Dizèl a 296.44% ak Kewozèn 307.97%.

Estatistik sa yo pèmèt nou konstate nan yon lane ki tretman gouvènman Ariel Henry a ak akolit li yo nan entènasyonal la ( FMI) ak katèl oligachi a k ap sipòte li nan peyi a bay ak kouch ki pi mal yo nan peyi a. Pou moun k ap vann gaz nan ponp yo, gouvènman Ariel Henry a monte galon gazolin nan plis pase 183% poutan ogmantasyon salè moun sa yo «Ponpis ( Seg G) reprezante pi piti ke 40%. Pou Ouvriye yo (Seg F) ki fè pati moun nan kouch ki pi pòv yo nan sosyete a k ap peye transpò swa machin ki sèvi ak gazolin osnon ak Dizèl, salè li ogmante sou pouvwa Ariel Henry a de 37%, poutan ogmantasyon gaz sa yo se 183% ak 297%. Yon galon kewozèn (665 goud) koute prèske menm pri ak yon jounen travay 8 tèd tan yon ouvriye nan soutretans lan (685 goud). Diferans ki genyen ant salè mimimòm pou yon jounen travay yon ouvriye ak pri yon galon gazolin se 115 goud (685-570).



Crédit Photo: Le Nouvelliste, consulté le 06-10-22

Pou moun k ap travay kay moun yo «personnel de maison» (Seg E), salè li ogmante de 100 goud (250 a 350). Poutan galon gaz ki pou mennen li al travay la ogmante de 369 a 501 goud (gazolin ak Dizèl). Menm moun sa wè pri gaz li konn itilize nan ti recho li genyen pou li prepare ti lamanjay lakay li a ogmante de 502 goud.

Pou moun «classe moyenne basse» yo tankou anplwaye bank yo (Seg A), salè yo ogmante sou gouvèman ilejitim sa de 270 goud. « Capitaliste Financier » yo peye moun k ap travay nan bank yo an mwayèn 24 mil goud apre taks chak mwa. Anplwaye sa yo ki souvan genyen yon ti bogota imajinè popilè a rele « Apye pi mal» yo, si yo boule 7 galon gaz pou yon semèn, yo ap itilize 28 galon gaz chak mwa. Sa fè yo bezwen 15960 goud pou gaz nan 24 mil pyas la. Li rete yo 8040 goud pou yo fè rèz mwa. Èske l ap ka ba yo manje, fè makèt, fè bwat pou voye timoun lekòl, peye sòl yo konn abitye peye pou yo ka sanble lajan kay, rive ede lòt fanmi ki sou kont yo osnon ki depann de yo, peye sèvant paske bank yo pa ba yo tan pou okipe pitit yo, peye leson pou timoun yo, netwaye soulye ak fè lesiv, elatriye? Finalman, done sa yo montre aklè pou FMI gaz pa ka monte. Paske monte gaz se toupizi ak elimine pi vit sa k pi pòv yo.

## Mobilizasyon yo dwe kontinye

\*Fòk mobilizasyon yo kontinye kont ni FMI, ni CORE GROUP ki te dakò federasyon gang yo, sete yon bon bagay pou peyi a epi jodi a ki melanje revandikasyon sosyal ak souverènte politik ak ekonomik pèp la ak menm federasyon gang madanm Lalime (BINUH) t ap aplodi kreyasyon li an.

\*Mobilizasyon dwe kontinye pou di kominote entènasyonal la, nou te konprann sa k te pase ak Pwosè Konsolidasyon 1904 la. Jodi a fòk pwosè Petwokaribe, kawo ki pwovoke pou mennen nou nan lokipasyon pap vin detounen atansyon pèp Ayisyen an. Pèp ayisyen an konprann jwèt divèsyon k ap fèt la. Zafè Petwokaribe ak souverènte se zafè pèp Ayisyen an, se pa zafè bòt fere Nasyon zini. Okenn okipasyon pap vi n enplante nan peyi a pou preyokipe lespri nou ak batay kont enperyalis la. Non mèsì.

\*Mobilizasyon an dwe kontinye pou dechouke Ariel Henry yon « TWEET » CORE GROUP te mete sou pouvwa pou kontinye badijonnen pèp ayisyen an epi rantre l pifon nan lanmizè. Pèp Ayisyen an konnen Ariel pa osèvis li. Se osèvis FMI, CORE Group ak Katèl Oligak ki mete l yo. Pou sa nan solidarite pèp la ap rive dechouke l pou yo.

\*Mobilizasyon an dwe kontinye pou dechouke sistèm « Capitalisme Financier » Siwo-Libanè a ki anpeche pèp ayisyen an respire ak bank li yo ki tounen « Maisons de transfert » k ap vòlò lajan nan transfè pèp la resevwa ak 1.5 dola dyaspora ap peye pou anrichi katèl oligak la. Fòk monopòl ak sistèm peze souse Neyoliberal sovaj la kaba ann Ayiti. Wi! Fòk sa fini nan peyi Dayiti. Fòk Ayiti bon pou tout moun osnon lanfè li ye jodi a pou pwòp pitit li yo, pou tout moun. Ayiti nan kriz jodi a paske kat la ap mal bat lontan. Li dwe rebat. Nap fè Solidarite pou rebat li vle pa vle, epi gaz pap monte sou zo do popilasyon an.



Crédit Photo: Le Nouvelliste, consulté le 06-10-22

## Fòmasyon politik ak sivik (STA)

Selil fòmasyon ak kominikasyon STA ap anonse tout manm, senpatizan, ak tout moun ki vle vin manm STA, estrikti a ap lanse seri fòmasyon politik ak sivik yo nan dat k ap 18 ak 19 Novanm 2022.

Seri fòmasyon sa yo ap dewoule nan lokal STA.



Crédit Photo: La perle des Antilles, consulté le 13-10-22

## Ochan pou Bwa kale

Bwa kale se yon bèl bwa tankou yon bwa kitanago on dal jenn fanm ak jenn gason pote pou yo transfòme yon peyi. Se bwa gayak, bwa chandèl, bwa pen, bwa bayawonn, bwa kanpèch ki fè bon dife pou limen barikad kont pri gaz Fon Malfektè Ipokrit (FMI) mande monte sou do lepèp. Se bwa pini chaje pikan papa ak manman pitit sere anba tèt kabann yo pou veye lougawou malfektè k ap pase dèyè kay pou souse san timoun peyi Dayiti nan koupe sibvansyon gaz. Bwa kale sa a, se yon bèl bwa kajou, yon bèl bwa chèn pou fè sèkèy pou antere tout malveyan ki mete pye sou kou lepèp.

Ochan pou bwa kale.

Bwa kale se revandikasyon jenn fanm ak jenn gason peyi Dayiti ki kanpe dèyè barikad yo pou Timari pap monte, Timari pap desann: pri gaz la pap monte.

Bwa kale se kri tout manman ak papa pitit k ap rele anmwè pou di yo pap pran sa a nan men gouvènman PHTK Ariel nimewo 3. Se vwa manman pitit san papa ki gen 3 tilezanj ki pral lekòl, yo poko konnen ki kote yo pral jwenn lajan pou peye taksi pou yo,

Bwa kale a se vwa etidyan nan inivèsite ak lekòl pwofesyonèl k ap reflechi sou pri pate chodyè, pri boutèy koka, pri espageti, pri pen ak ze ki pral double tandiske salè yo, salè manman ak papa yo pa ogmante. Pri lekòl ogmante, pri inivèsite ogmante, pri kous machin ogmante, pri kopi ogmante. Pa gen 2 dlo pou yon dola ankò, se 3 pou 5 dola. Konbyen dola yon etidyan pral bezwen pou l bwè dlo pou yon jounen?

Bwa kale se kri ouvriye, travayèz ka madanm, gason lakou, mesaje nan biwo piblik ak prive, travayè ak travayèz k ap fè la pwòptay nan biwo piblik ak prive, se kri bòs mason, bòs ferayè, bòs ebenis, bòs tayè, madan sara, revandè ak revandèz k ap kriye tout lasent jounen anba yon solèy cho, tanperati 36 degre san pran souf pou chache lavi. FMI mete ak alye li yo ann Ayiti vin koupe souf moun sa yo anba yon pri gaz yo monte a 128%. A la de moun mechan. Plis yo mechan, plis yo pè bwa a. Yon bèl bwa wi. M pa wè pou ki sa yo pèl la. Yo di se yon betiz. Yo di moun ki pote l yo se gang. Y ap chache denigre li. Bwa sa a pa gen tande, li pa gen bouch pou pale. Moun k ap pote l yo bezwen sèlman yon kote pou yo foure l nan kò mechan yo. Ochan pou bwa kale : chache direksyon w, chache kote pou w antre, defilfare yo, fè yo gen zorèy pou tande ak bon jan konprann. Konsa, ya kite pèp la respire, ya leve zago yo sou kou pèp la. Lepèp, rale bwa w foure l nan gòjèt kowonpi yo, jous yo vomi tout sa yo te vòlè pou ou, jous yo pèdi konesans.

Ochan pou bwa kale.



Crédit Photo: France info, consulté le 06-10-22

Bwa kale se yon mouvman kont politik neyoliberal yo ann Ayiti ak tout lòt kote li transfòmè dwa pèp yo an machandiz.

Bwa kale se yon mouvman kont enperyalis la ann Ayiti ki pa vle Ayiti genyen titak kalite ki rele peyi soulatè. Enperyalis la vle pou nou pa achte gaz menm jan sa fèt nan tout peyi kote tout moun se moun. Enperyalis la trete pèp la tankou timoun lè yo kreye ONG pou ranplase leta nan bay sèvis sosyal. Enperyalis la a travè gwo chèn k ap bay nouvèl aletranje prezante nou kòm pèp fatra, vye bagay. A ta drapo nou yo pran mete l pou dekore poubèl y ap ranmase fatra. Donald Trump te deja di nou se yon « shithole country », sa vle di yon peyi kaka. Yo vle toupatou pou fè nou tounen rizib, mepriz, salte, vye bagay.

Na l chache yon bwa

Nou jwenn yon bwa

Bwa kale nan dada tout sa k pa vle wè pèp sa a : pèp ayisyen an, vrè pèp ayisyen an.

Madichon

Bwa kale se tankou yon bwa moulen.

Ariel, fòk bwa w pran nan moulen.

Ti Simone, se pou bwa w pran nan moulen,

Tonton Lambert, se pou bwa w pran nan moulen,

CORE GROUP, se pou bwa w pran nan moulen,

Kidnapè vòlè, fò bwaw pran nan moulen

Tout vòlò kòb petwo karibe, fòk bwa nou pran nan moulen

Boujwazi, oligak kowonpi, fòk bwa nou pran nan moulen

Atansyon

Atansyon Montana pou bwa w pa pran nan moulen

Atansyon PEN pou bwa w pa pran nan moulen

Atansyon Fritz Alphonse Jean pou bra w pa pran nan moulen

Atansyon tout de grenn goch, tout trèt nan mouvman bwa kale a pou bwa nou pa pran nan moulen.

Atansyon lepèp, pa pran nan divèsyon Anvwaye lisifè k ap mande konsansis. Grangou nan vant pa fè konsansis

Atansyon! Di yo pou nou, Bwa Kale, ke pa gen konsansis ak kriminel k ap touye pitit pèp la, simaye lapèrèz ak lanmò.

Ochan pou bwa kale.

## Nou se STA

---

### Referans bibliyografi

1 [1]Le Nouvelliste | Le FMI approuve le Staff monitored program pour Haïti

2 [1]Haïti: les pertes économiques du séisme représentent 120% du PIB (rfi.fr)

[1]Taux d'inflation en Haïti (donneesmondiales.com)

[1]

3taux de change site.xls (brh.ht)

4 [1]De juin 2021 à juin 2022, l'inflation a atteint le taux de 30 % en Haïti, a indiqué l'Institut Haïtien de Statistique et Informatique (IHSI). Par ailleurs, l'indice des prix à la consommation a connu une variation de 29% pour cemois de juin, soit une progression de 2,2% comme variation mensuelle. | Exode News

7 [1]AlterPresse | Économie: L'augmentation des prix du carburant, une attaque contre les plus vulnérables en

Haïti, selon plusieurs organisations

8 [1]Affaire André Michel : près de 2000 dollars US dépensés en une seule soirée • Fernando Live News

**Èskew te konnen nan moman nap pale la kriz sosyal yo tèlman anvlimen nan peyi a:**

- 1 bokit dlo koute 35 goud nan katye yo
- yon galon gaz ap vann ant 3mil a 5mil goud
- yon sache dlo koute 10 goud
- yon kamyon dlo ap vann 15 mil goud
- yon pla aleken koute 250 a 300 goud